

## Fòm demann patisipasyon nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a

Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se yon opsyon peman volontè ki mache ansanm ak plan pou medikaman ou genyen kounye a. Li distribye peman ou fè pou medikaman Medicare Pati D w yo ak lajan ki soti nan pòch ou a pandan tout ane sivil la (janvyè rive desanm) pou ede w jere depans sa yo. **Opsyon peman sa a ka ede w jere depans ou fè yo, men li pa p fè w depanse mwens ni li pa p bese pri medikaman w yo.**

Opsyon peman sa a ka pa apwopriye pou ou si w jwenn èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon w yo grasa pwogram tankou èd siplemantè Medicare a oswa pwogram asistans famasetik Eta a (State Pharmaceutical Assistance Program, SPAP). Rele plan w pou jwenn plis enfòmasyon.

### Ranpli tout chan yo, sof si yo fakiltatif

Prenon: \_\_\_\_\_ Non fanmi: \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm prenon an  
(fakiltatif):

Nimewo Medicare:: \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_

Nimewo idantifikasyon manm nan :

Dat nesans: (MM/JJ/AAAA)  
(\_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_)

Nimewo  
telefòn: (     )

Adrès domisil pèmanan (pa bay yon bwat posta, sof si w sanzabri):

Vil:

Konte (fakiltatif):

Eta:

Kòd postal:

Adrès postal (si li pa menm ak adrès pèmanan w (ou ka itilize yon bwat postal):

Adrès:

Vil:

Eta:

Kòd postal:

## Li epi siyen anba a

- Mwen konprann fòm sa a se yon demann pou patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP) pral kontakte m si li bezwen plis enfòmasyon.
- Mwen konprann siyen fòm sa a vle di mwen te li epi mwen konprann fòm nan ak kondisyon ki mache avè l yo. AmeriHealth Caritas VIP Care **pral voye yon avi ban mwen pou fè m konnen yo aksepte pou m patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.** Toutotan sa poko fèt, mwen konprann mwen pa yon patisipan nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.

**Siyati:**

**Dat:**

Si se pou yon lòt moun w ap ranpli fòm sa a, ranpli seksyon ki anba a. Siyati w sètifye ou otorize anba lalwa Eta a pou ranpli fòm patisipasyon sa a epi, si Medicare mande w sa, ou ka prezante yon dokiman ki pwouve ou otorize pou fè sa.

Non:

Adrès (ri, vil, Eta, kòd postal):

Nimewo telefòn: ( )

Relasyon ak patisipan an:

### Fason pou voye fòm sa a:

Voye fòm ou ranpli a nan adrès ki anba a nan anvlòp jòn ki mache ak lèt sa a:

AmeriHealth Caritas VIP Care  
P.O. Box 7139  
London, KY 40742

Osinon, voye fòm ou ranpli a nan nimewo faks:

1-855-822-9400

Epitou, ou ka ranpli fòm demann patisipasyon an sou Entènèt nan **[www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl](http://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl)**, oswa ou ka rele nou nan **1-833-535-3767** pou voye demann ou an nan telefòn.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou ranpli fòm sa a, rele nou nan **1-833-535-3767**, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi, ant dat 1<sup>ye</sup> avril ak 30 septanm. Ant dat 1<sup>ye</sup> oktòb ak 31 mas, ou ka rele soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt. Moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele **711**.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

## **Kondisyon faktirasyon pou plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a**

Anviwònman swen sante yo ap plede chanje. Plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se yon pwogram yo fèk kreye anba Lwa sou Redikasyon Enflasyon an. Li pral kòmanse 1<sup>ye</sup> janvyè 2025.

Mèsi dèske ou chwazi AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-SNP) pou ba w swen sante. Nou detèmine pou w jwenn tretman ak swen ki bon pou ou. Yon pati nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a se peman pou sèvis ou resevwa yo. AmeriHealth Caritas VIP Care dwe bay moun ki enskri yo posiblite pou yo fè peman chak mwa pou medikaman sou preskripsyon yo gen pou yo peye ak lajan ki soti nan pòch yo. Peman sa yo fèt pandan tout ane plan an, konsa moun ki enskri yo pa gen pou yo peye pou medikaman yo yon sèl kou nan famasi a.

**Selon kondisyon faktirasyon yo:** Manm plan yo responsab pou yo fè peman ki nesèsè yo pou depans pataje yo genyen pou medikaman Pati D ki kouvri yo pandan y ap patisipe nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Moun ki patisipe nan pwogram sa a pral peye \$0 nan famasi a pou medikaman Pati D ki kouvri yo, epi AmeriHealth Caritas VIP Care pral faktire patisipan yo chak mwa pou depans pataje yo genyen pou yo peye a pandan yo nan pwogram nan. AmeriHealth Caritas VIP Care pral peye famasi yo tout kòb la nèt selon egzijans peman rapid ki anvigè anba Pati D.

AmeriHealth Caritas VIP Care bay manm plan yo posiblite pou mete sou pye yon plan peman pou medikaman sou preskripsyon yo resevwa yo. Akò plan peman sa a otorize AmeriHealth Caritas VIP Care pou l voye fakti bay manm yo, selon enfòmasyon ki nan dosye l yo, pou l jwenn peman pou sèvis manm yo resevwa yo.

Chak mwa, AmeriHealth Caritas VIP Care pral voye yon fakti ba w pou montan ou dwe pou medikaman sou preskripsyon w yo. Fakti sa a pral esplike w kilè ak kijan ou sipoze peye. Si w rate yon peman, AmeriHealth Caritas VIP Care pral voye yon rapèl ba w epi w ap gen yon peryòd gras 60 jou pou peye nenpòt montan ou te sipoze peye deja.

Si w pa peye fakti w nan dat ki mansyone nan rapèl la pou pi ta, n ap retire w nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. Si gen yon “rezon valab” ki fè ou pa t ka peye fakti ou te resevwa pou mwa a, w ap gen posiblite konteste desizyon nou pran pou retire w nan plan peman an. Rele plan w si w panse AmeriHealth Caritas VIP Care te fè yon erè nan yon fakti li te voye ba w nan kad plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a oswa lè li te retire w nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a. W ap gen posiblite pou depoze yon reklamasyon si li kanpe patisipasyon w. W ap jwenn esplikasyon sou pwosesis reklamasyon an nan dokiman ki gen tit Prèv asirans lan (Evidence of Coverage).

Ou gen obligasyon pou peye montan ou dwe a, men ou pa p gen pou peye okenn enterè oswa frè, menm si peman w anreta. Si nou retire w nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a, w ap toujou enskri nan plan sante oswa nan plan medikaman Medicare w la.

Si w kite plan an, sa pa p afekte asirans medikaman Medicare w la ni lòt benefis Medicare ou jwenn yo. Sonje sa:

- Si w toujou dwe yon kòb, w ap gen pou peye montan ou dwe a, menm si w pa patisipe nan plan peman sa a ankò.
- Ou ka chwazi peye tout kòb la yon sèl kou oswa ou ka mande pou resevwa fakti chak mwa.
- Apre ou kite plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a, ou pral peye nenpòt kòb ou gen pou peye ak lajan ki soti nan pòch ou a pou nouvo medikaman w yo dirèkteman nan famasi a.

Si nou pa resevwa peman w nan dat ki sou fakti a pou pi ta, ou gendwa resevwa yon notifikasyon ki fè w konnen nou retire w nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.

**Pou peye kòb ou dwe a, ou sipoze:**

- Voyer peman yo jan nou mande w sa, san defo.
- Voyer peman w yo jiskaske kòb ou dwe sou kont ou an rive nan zewo dola (\$0).

AmeriHealth Caritas VIP Care ofri w plan peman sa a san li pa mande w okenn enterè ni okenn lòt frè. Si nou resevwa peman yo regilyèman, jan sa endike nan akò sa a, AmeriHealth Caritas VIP Care pa pran okenn lòt mezi pou jwenn kòb ou dwe sou kont ou an. Si w toujou dwe yon kòb ki transfere nan yon nouvo ane sivil, w ap toujou gen pou voye peman sa a.

Lè ou siyen fòm demann patisipasyon nan plan peman pou medikaman sou preskripsyon Medicare a, n ap konsidere ou aksepte kondisyon faktirasyon sa yo.